

Yon prensip konduit pèsònèl

Metrize tèt ou



**“Metrize tèt ou vle di kontwole lang ou!
Reponn twò vit gendwa detwi tout bagay.” Pwovèb 13:3**

By John E. Schrock

Souliyen konsèp kle w jwenn nan prensip sa a.

Menmsi lang nou se yon ti manm nan kò nou, li kreye anpil pwoblèm epi li trè difisil pou kontwole. Nou gendwa itilize l pou nou joure, kritike, pale mal epi detwi, oswa pou beni, konsole epi ede lòt moun pwogrese.

Li enpòtan pou konprann toutsan nou di va tounen vin jwenn nou. Tò w fè moun va tounen kont ou, paske pawòl gen anpil fòs epi li kapab lakòz destriksyon oswa pote solisyon.

Yo jije nou sou sa ki sòti nan bouch nou, “Sa ki sòti nan bouch yon moun se sa li genyen sou kè li.” (Lik 6:45). Lang genyen anpil bagay pou l wè ak lwa simen ak rekòlte pase nenpòt lòt manm nan kò nou. Pwovèb

21:23 di nou, “Genbe bouch ou epi w va evite pwoblèm.” Sa se yon bon konsèy paske si nou pa pe bouch nou oswa nou pa kontwole lang nou sa va multipliyè pwoblèm nou. Lè nou pale twòp nou anbarase tèt nou epi moun va jije nou kòm radotè oswa kòm moun ki renmen fè tripotay. Epi nou va eseye jistifye l oswa demanti l, sa ki va bannou plis pwoblèm. Yonfwa nou bay manti pou nou eseye sove tèt nou, sa vin tounen vye diskisyon ki pa kapab fini. Li toujou bon pou emab epi sosyab, men nou dwe disipline lang nou lè n ap vante tèt nou oswa egzajere

ousinon pale sou lòt moun. Nou pa oblije di tout bagay ki pase nan tèt nou.

Konbyen fwa nou lage tèt nou nan pwoblèm paske nou pale twòp? Tripotay ak repann rimè kreye tout kalite batay ki separe nou ak fanmi nou epi zanmi nou. Òdinèman, lè tout bagay fini yo va toujou lonje dwèt sou moun sa yo ki p at kontwole lang yo. Kòm yon biznismenn li enpòtan ke pawòl nou demontre kontwol nou gneyen sou tèt nou ak lang nou.

Gen twa (3) kalite moun ki pridan ak lang yo:

1. Yon nèg ki saj—li konprann li esansyèl pou li genbe yon sekre.
2. Yon nèg ki entèg—li pa janm konpwomèt nòm (estanda) ak pawòl li.
3. Yon nèg entelijan—li ase enb pou l konnen ke « l pa konnen » epi li pa ekspoze tèt li nan louvri bouch li. Se yon egzanp

pwovèb ki di, «li pi bon pou pa di anyen, kite moun panse w fou, pase pou louvri bouch ou epi pou yo wè ou fou vreman.»

Si nou vle viv byen, nou dwe sipann oswa kontwole volim pawòl ou. Metrize tèt nou se kontwole lang nou. Nou dwe itilize lang nou pou nou di bèl pawòl. Se tankou simen bon semans ki va bay yon desten pozitif non sèlman pou nou menm, mentou pou lèzòt. Bondye konprann pouvwa pawòl. Li te rann lapawòl vivan. Bondye bannou pouvwa ak kapasite kreye lebyen oswa lemal ak pouvwa mo nou. Donk siveye bouch nou paske lavni nou depann de li.

*Prensip sa a se yon pati pwogram yon lane devlopman karaktè:
Fondasyon pou Sikse.*

Panse pou medite:

Rankin se kòm si w bwè pwazon epi w ap tann lòt moun nan mouri.

Evalye tèt ou de 1 a 10	1	2	3	4	5	6	7	8	9	10
Poukisa w bay tèt ou nòt sa a?										
Ki avantaj ou kapab jwenn lè w ogmante nòt ou?										
Ki aksyon espesifik ou kapab fè pou verifiye avantaj prensip sa a?										
Lis verifikasyon lekti w fè toulejou sou prensip sa a.	M	T	W	T	F	S	S			

Konplete

Pa konplete